



REFERANS RAPID SOU KOVID

KISA MWEN TA DWE FÈ?

Pou Kenbe Lekòl yo Louvri epi pou Kenbe Timoun yo Nan Lekòl

Updated: August 20, 2021



RETE LAKAY SI OU GEN YON SENTÒM. MOUN KI MALAD YO DWE RETE LAKAY!

Ou dwe fè tès pou COVID si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo:

- Lafyèw ki pi wo pase 100.0° F, frison, oswa frison latranblad
- Tous (san konnen kisa ki lakòz li)
- Difikilte pou respire oswa souf kout
- Nouvo pèt nan gou oswa odè
- Gòj fè mal
- Maltèt lè li konbine ak lòt sentom
- Doulè nan misk oswa kò fè mal
- Kè plen, vomisman, oswa dyare
- Fatig lè li konbine ak lòt sentòm yo
- Nen bouche oswa nen k ap fè dlo (pa akòz lòt kòz nou konnen) lè li konbine ak lòt sentom



PRAN VAKSEN SI OU KAPAB

Vaksinasyon se pi bon fason pou pwoteje tèt ou, fanmi ou ak zanmi, epi kominote ou. Menmsi li toujou posib pou genyen enfeksyon pafwa, vaksen yo dramatikman ap diminye risk pou entènè lopital oswa koze lanmò. Si ou pa sèten si wi ou non ou dwe pran vaksen an, tanpri pale ak founisè swen sante ou.

Kisa sa vle di vaksinen okonplè:

14 jou apre ou te resevwa 2èm dòz nan yon vaksen ki genyen 2-dòz (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa depi ou te resevwa vaksen ki genyen 1-dòz (tankou Johnson & Johnson). Nenpòt vaksen Oganizasyon Mondyal Lasante te apwouve nan CPS.



Nouvo! “TESTE EPI RETE” POU KONTAK PWÒCH YO KI PA VAKSINEN

Anvan sa, si yon moun teste pozitif pou COVID, li te obligatwa pou mete tou moun ki gen kontak pwòch ki pa vaksinen yo an karantèn. CPS ap ofri kounye a yon fason pou moun ki pa vaksinen yo (tankou timoun ki poko gen 12 an) pou kontinye ale lekòl, menm si yo te ekspozè a COVID.

Avèk konsantman paran / moun kap bay swen yo, elèv yo ka vini lekòl (epi granmoun yo ka vin travay) depi yo dakò pou yo fè tès antijèn rapid chak maten pandan yon minimòm 5 jou. Tès la enplike pou yo fè yon prelevman nan nen ki pa envayisan epi ki rapid, ki fèt nan klinik enfimyè a. Si tès la negatif, elèv la oswa granmoun nan ka kontinye jounen li an. Si tès la pozitif pou COVID, yo dwe vin chèche elèv yo nan lekòl la pi vit posib.

Si yo pat resevwa konsantman paran/mounkap bay swen davans, li ka pran plizyè jou anvan pou patisipe nan “Tès epi Rete.” Nou vrèman ankouraje fanmi yo pou yo patisipe nan tès CPS COVID. Tanpri siyen epi retounen fich pèmisyon pitit ou a pou tès la.

Tanpri sonje Depatman Sante Piblik la ap evalye tout ekspozisyon posib yo ak COVID. Nan kèk ka, yo ka detèmine se mete timoun nan an karantèn ki obligatwa akòz espesifikasyon ki genyen nan sitiyasyon an.





PAFWA, GENDWA SE KARANTÈ KI OBLIGATWA POU KONTAK PWÒCH YO

Depatman Sante Piblik la ap detèmine si li obligatwa pou mete an karantèn obligatwa. Anplis de sa, granmoun ak elèv ki pa patisipe nan “Teste epi Rete” dwe rete an karantèn pou yon minimòm 7 jou soti nan dat ou te ekspoze a si ou teste negatif nan jou 5. Si yo pa fè tès yo, yo dwe mete an karantèn pandan 10 jou apati dat ekspozisyon an (retounen lekòl nan jou 11).

Tanpri sonje yo kapab detèmine pou peryòd karantèn lan dire pi lontan pase 7-10 jou, pou egzanp si COVID gaye nan yon fanmi epi li difisil pou konplètman izole youn ak lòt. Sante piblik ak enfimyè lekòl yo ap travay avèk ou pou konprann ki lè ou ta dwe fè tès ak lè ou menm / elèv la kapab retounen lekòl la.



KONTAK PWÒCH KI VAKSINEN OKONPLÈ

...PA bezwen rete an karantèn oswa patisipe nan “Rete epi Teste.” Men, ou dwe pou:

- Kontwole sentòm yo pandan 14 jou apati dènye dat ekspozisyon an
- Fè tès 3-5 jou apre ekspozisyon an
- Mete yon mask nan tout anviwònman piblik ki fèmen anndan (pa sèlman nan lekòl yo) pou 14 jou soti nan dat ekspozisyon an



RETOUNEN NAN VWAYAJ

Sa KI annapre yo, se rekòmandasyon aktyèl CDC yo ki gen rapò ak vwayaj lokal oswa entènasyonal.



Si ou pa vaksinen oswa pa vaksinen okonplè

- Fè tès avèk yon tès viral (PCR) 3-5 jou apre vwayaj EPI rete lakay ou epi mete pwòp tèt ou an karantèn pandan 7 jou okonplè apre vwayaj (menm si ou teste negatif). Ou ka retounen nan 8yèm jou a apre ou retounen lakay nan vwayaj si ou negatif.
- Si ou pa fè tès, rete lakay ou epi mete pwòp tèt ou an karantèn pou 10 jou apre vwayaj.
- Evite rete bò kote moun ki gen gwo risk pou maladi grav pandan 14 jou, kit ou fè tès kit ou pa tès.
- Kontwole pwòp tèt ou pou sentòm COVID-19; izole epi fè tès si ou devlope sentòm yo.
- Anplis de sa, pou vwayaj entènasyonal, yon tès COVID negatif obligatwa anvan ou w ta dwe monte yon avyon oswa travèse yon fwontyè entènasyonal.



Si ou vaksinen okonplè

- Kou w fèk retounen, kontwole pwòp tèt ou pou sentòm yo pandan 14 jou epi si sentòm yo devlope, fè tès la.
- Anplis de sa, pou vwayaj entènasyonal, yon tès COVID negatif obligatwa anvan ou w ta dwe monte yon avyon oswa travèse yon fwontyè entènasyonal.



SI OU TESTE POZITIF

Kèlkeswa sityasyon vaksinasyon an, ou dwe izole tèt ou pandan 10 jou apati dat tès la. Ou pa dwe retounen lekòl jiskaske dis jou pase epi ou pa gen sentòm tankou lafyèv pandan 24 èdtan, san ou pa itilize medikaman pou diminye lafyèv.